

Evalyasyon nan RPDC

Nan Roxbury, nou kwè ke evalyasyon yo enpòtan anpil pou asire siksès akademik etidyan nou yo. Tout kanmpous Roxbury Prep yo fè evalyasyon pandan tout ane lekòl la pou ede mezire aprantisaj la, asire nou ke tout etidyan yo sou wout pou gradye, epi pou nou ka bay sipò akademik anplis a etidyan yo. Roxbury Prep itilize alafwa evalyasyon entèn ak estèn pou li pèmèt timoun nou yo reyisi. Roxbury Prep jere alafwa Evalyasyon Pwovizwa nou yo (oswa IAs, Interim Assessments) ak MCAS yo. Anba a w ap jwenn plis enfòmasyon konsènan chak egzamen.

Evalyasyon Pwovizwa yo

Kisa ki IAs yo? IAS se yon evalyasyon ki estanda epi ki estimile etidyan an, yo konte pou 25% nan tout nòt pa trimès chak etidyan. Se vre ke chak tès diferan pou chak matyè, gen abitud ak estrateji komen ke etidyan yo ka pran pou yo reyisi nan egzamen yo. Anvantou, etidyan yo sipoze itilize menm estrateji ke yo pratike nan klas yo a chak jou, tankou lekti ak kesyon ki fokis sou ELA ak Istwa, pandan y ap itilize MOLE ak CUB nan matematik, epi fè referans ak mo vokabilè yo nan Syans. Pandan egzamen yo, yo ankouraje etidyan yo pou yo pa neglije onkenn minit, pou yo montre tout travay yo, soulinye bagay ki evidan yo, epi verifye ke yo reponn tout kesyon yo jan sa dwe fèt san yo pa kite rès.

Poukisa Roxbury Prep jere IAs yo? Objektif egzamen sa yo se pou yo evalye nan ki nivo etidyan yo te byen aprann konpetans ak kontni ki soti nan dènye sis semèn ansèyman nan klas ke yo te genyen yo epi egzamen sa yo enpòtan pou yo ede estaf yo detèmine sa yo ka fè mye yon fason pou etidyan rete sou chemen pou yo metrize nivo akademik yo ye a. Anplis de sa, IAs prepare etidyan yo pou egzamen leta ke yo pral pase nan prentan, ansanm ak lòt egzamen yo gen pou yo pase yo, egzamen SAT yo ansanm ak lòt egzamen ki sèvi kòm egzamen antre pou yon moun admi nan yon inivèsite.

Kilè yo fè egzamen IAs yo? Yo fè egzamen yo senk fwa nan yon ane, pou chak ane eskolè tout etidyan nan Roxbury Prep. Yo fè egzamen pwovizwa yo an oktòb, desanm, janvyè, mas ak jen, chak pase Evalyasyon Pwovizwa yo gen ladan yo evalyasyon nan Lekti ak Ekriti (Literacy), Matematik, Istwa, ak Syans eksepte pou IA#4 ki fokis sèlman sou Matematik.

Si timoun mwen an absan epi li rate IA a, èske yo ka refè egzamen yo pou li? Chak sik IA gen ladan yon posibilite pou refè egzamen yo, yon fason pou asire ke tout etidyan yo pase egzamen yo. Si yon timoun malad nan yon egzamen IA, oswa si li pa p ka la nan yon egzamen pou nenpòt ki rezon, fanmi yo sipoze kontakte biwo prensipal la nan 617-858-2300 pou fè lekòl la konnen ke timoun yo an pa p ka prezan nan egzamen an.

MCAS

Kisa ki MCAS lan? MCAS lan vle di Sistèm Evalyasyon Global Massachusetts (Massachusetts Comprehensive Assessment System). Tout lekòl piblik nan eta Massachusetts lan pase I, yo te devlope MCAS lan pou kreye yon evalyasyon K-12 estanda ki alinye ak Nwayo Komen Konpetans Estanda Eta a. Chak ane, MCAS la montre pèfòmans aktyèl etidyan nou yo epi li pèmèt nou konnen kisa yo sipoze aprann pou yo ka prè pou pwochen nivo akademik ki gen rapò ak "high school", inivèsite oswa karyè pwofesyonèl.

Evalyasyon MCAS yo fèt nan matyè ki gen rapò ak ELA (pou tout nivo), Matematik (pou tout nivo), ak Syans (pou nivo 5 ak 8 sèlman).

Poukisa etidyan yo pase MCAS? Evalyasyon sa yo bay etidyan yo gran opòtinite pou yo montre abilite yo pou yo li, ekri, kreye epi defann agiman, kalkile, evalye, rezoud pwoblèm, epi aplike konesans syantifik yo. MCAS se egzamen ki gen anpil rigè ki

sèvi pou evalye si etidyan yo metrize kirikoulòm lan epi sa bay pwofesè yo enfòmasyon pou mezire avansman ak aprantisaj etidyan yo.

Kilè yo fè MCAS yo? Pou etidyan ki nan klas mwayen (middle school) atravè eta Massachusetts la, yo pase yo MCAS a soti nan mwa Avril a mwa Me pou chak ane eskolè.

Poukisa yo bay elèv yo sipò depi nan lekòl la pou yo pi byen prepare yo pou MCAS la? Roxbury Prep pran plizyè mezi pou li asire li ke etidyan yo byen prepare pou egzamen MCAS yo. Aktyèlman RPDC ofri sa ki vin annapre a:

- ✓ Alignman kourikoulòm yo a Nwayo Komen yo: Leson yo ak kourikoulòm lan alinye avèk rigè ak Nwayo Komen Estanda yo ansanm ak kontni tès MCAS yo, sa vle di etidyan an ap prepare pou MCAS yo chak jou! Lè nou ap apwoche vè MCAS lan, nou kòmanse fè similasyon egzamen MCAS yo sou òdinatè, yon fason pou asire ke etidyan yo konfyans pou yo al sou platfòm sou entènèt la epi pou yo titilize zouti pou tès yo.
- ✓ Evalyasyon Pwovizwa yo: Ezamen pwovizwa chak trimès nou yo reflekte kontni ki gen nan MCAS la, tan egzamen an ap dire a, epi tip kesyon yo, yon fason pou asire nou ke etidyan yo konfòtab epi konfyans lè yo ap pase MCAS la nan mwa avril ak nan mwa me.
- ✓ Kou patikilye pou yon ti gwoup moun (Small Group Tutoring, SGT): SGT yo se kou ki sible yon gwoup byen espesifik pandan jou lekòl la. Pifò elèv yo resevwa 2 èdtan kou patikilye nan ELA epi 2 èdtan kou patikilye nan Matematik chak ane pou pouse yo avanse vè pwochen nivo metriz yo sipoze genyen an. Etidyan yo pase yon ti egzamen chak semèn yon fason pou pwofesè yo ka mezire pwogrè yo an tan reyèl.

Kòman mwen ka ede timoun mwen an prepare l pou MCAS? Paran yo ka ede timoun yo an prepare pou egzamen MCAS yo si yo fè sa ki vin annapre yo:

- ✓ Vin lekòl alè chak jou: Pi meye fason pou asire w ke timoun ou an pre pou MCAS se pou asire w ke yo al lekòl chak jou pou yo ka benefisye avantaj sipò nan lekòl la epi resevwa ansèyman chak jou! Aktyèlman etidyan yo ap resevwa kou patikilye pou yon ti gwoup kat jou pa semèn le aprèmidi,
- ✓ Tcheke si devwa alamezon yo fèt: Verifye si elèv ou an fè devwa alamezon li yo! Elèv yo sipoze vini ak 4 devwa alamezon chak swa.
- ✓ Gade byen rapò pwogrè elèv ou an ak kat rapò patisipasyon li nan konferans yo pou w ka jwenn opòtinite pou w konnen alè de pwofesè elèv ou an kisa li sipoze amelyore.
- ✓ Pase yon Tès Pratik: Ou menm ak timoun ou an gen aksè a tès pratik yo lakay nou atravè telefòn lè nou vizite <https://mcas.pearson.com/practice-tests/>

Èske timoun ou an bezwen pase nan MCAS pou li travèse nan nivo ki vin annapre a? Non. Evalyasyon MCAS lan la pou li bay paran yo ansanm ak pwofesè yo enfòmasyon konsènan nivo metriz aktyèl elèv yo a, men rezilta tès eta a pa gen enpak sou pasasyon elèv ou an al nan pwochen nivo a.

Si timoun mwen an gen yon IEP, èske l ap resevwa adaptasyon? Wi. Elèv i gen IEP, plan 504 yo, ak sila yo ki ap aprann lang anglè ka resevwa adaptasyon. Si w gen kesyon konsènan adaptasyon yo, tanpri kontakte biwo prensipal la, pou nou mete w an kontak ak ekip IN lan!